


Kalandriye Planifikasyon Apre Etid Segondè Pou Paran ak Fanmi yo

12èm Ane



Premye Trimès

Etap Aksyon yo

- Revize orè pitit ou a ak rezime lis kou li te pran pou asire pitit ou a gen tout sa li bezwen pou gradyasyon, bousetid, ak plan pou lè li fini lekòl segondè.
- Pran randevou ak konseye pitit ou a si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan si pitit ou a satisfè kondisyon pou li gradye oswa ranpli kondisyon yo pou apre lekòl segondè.
- Revize lis kolèj pitit ou a avèk li pou asire li byen ekilibre epi li anfòm ak pitit ou a. Sèvi ak Pwofil Scoir Paran an pou ede w nan pwosesis sa a.
- Ede li ak preparasyon aplikasyon kolèj yo si nesèsè, tankou koreksyon eleman ki nan aplikasyon an, koreksyon redaksyon ak kontwole dat limit yo.
- Kòmanse rasanble dokiman enpòtan tankou deklarasyon taks ane anvan an pou ranpli FAFSA, ki kòmanse premye oktòb. W ap bezwen kreye yon ID FSA tou pou ou pare pou aplike ak pitit ou a epi siyen FAFSA a elektwonikman.
- Ale nan yon atelye FAFSA pou jwenn direksyon.
- Ede pitit ou a ranpli "Florida Financial Aid Application (FFAA)" (Aplikasyon Èd Finansye Eta Florid) yo itilize pou 'Bousetid Bright Futures' a ansanm ak yon bann lòt opòtinite nan eta a, ki kòmanse premye oktòb.
- Patisipe nan seri Atelye M-DCPS sou Mwa Kolèj sou entènèt ann Oktòb.
- Ale nan 'Open House' (Reyinyon Vizit Lekòl) ak sware aktivite pou paran elèv 4èm ane nan lekòl segondè pitit ou a pou resevwa enfòmasyon enpòtan sou dènye ane lekòl la, gradyasyon, ak planifikasyon apre lekòl segondè.
- Asiste pitit ou a pou li konekte ak sèvis sipò pou andikape nan enstitisyon apre lekòl segondè oswa pwogram li enskri si li gen plan IEP oswa 504.

Resous

- [Konsèy Kolèj pou Paran/Gadyen](#)
- ["Mapping Your Future" \(Prepare Avni w\) pou Paran ak Fanmi](#)
- [Lis "Free Application for Federal Student Aid \(FAFSA\)" \(Aplikasyon Gratis pou Èd Finansye Federal pou Elèv\).](#)
- [Jwenn Èd Finansye](#)
- [Antre nan Kolèj](#)
- [4 Bagay pou Konsidere Lè W ap Chwazi Yon Kolèj Oswa Yon Lekòl Pwofesyonèl](#)
- [Kreye epi Sèvi ak ID FSA a](#)
- [Pwosesis Aplikasyon pou Kolèj la](#)
- [College Essay Guy: Resous pou Aplikasyon Kolèj ak Redaksyon](#)
- [CollegeBoard-Atelye sou entènèt Chèche ak Aplike pou Bousetid](#)



Dezyèm Trimès

Etap Aksyon yo

- Kontinye diskite lis kolèj pitit ou a avèk li pou asire li byen ekilibre epi li byen chita. Sonje Pwofil Scoir Paran yo ka ede w ak komunikasyon sa a.
- Kontwole pwogrè pitit ou a ak dat limit aplikasyon yo ki an Desanm/Janvyè.
- Revize nèt premye trimès pitit ou a pou asire li kenbe bòn abitud etid pou li rete sou chemen pou li fini avèk siksè dènye ane lekòl segondè a.
- Asire ou FAFSA a ranpli epi ou soumèt li.
- Travay ak pitit ou a pou konplete pwofil CSS la pou si lekòl yo mande l.
- Kòmanse fè rechèch sou sous finansman pou kolèj tankou prè federal ak prè prive pou etidyan.
- Fè plan pou ale nan "Miami National College Fair" (Fwa Kolèj Nasyonan Miami).


Resous

- [Titoryèl sou Pwofil CSS la](#)
- [Sit entènèt CAP Peye pou Kolèj](#)
- [CollegeBoard- Jwenn Bousetid ki Matche yo](#)
- [8 Etap Fasil pou Paran Ranpli fòm FAFSA a](#)



Kalandriye Planifikasyon Apre Etid Segondè Pou Paran ak Fanmi yo

12èm Ane



Twazyèm Trimès

Etap Aksyon yo

- Ede pitit ou a ak desizyon final li paske li kòmanse resevwa desizyon pou admisyon yo.
- Revize lèt ak pakè èd finansye yo ak pitit ou a pou ede li chwazi youn ki pi byen chita ak mwayen fanmi lan.
- Revize aranjman lojman yo epi soumèt depozit nan dat limit lekòl la.
- Ale nan "Fair Miami National College" (Fwa Kolèj Nasyonal Miami) ansanm ak pitit ou a pou patisipe nan yon varyete enstitisyon nasyonal ak entènasyonal.



Resous

- [Kijan yo Chwazi yon Kolèj](#)
- [Prete Lajan: Wòl Paran an](#)



Katriyèm Trimès

Etap Aksyon yo

- Patrisipe nan atelye konsyantizasyon èd finansye pou pi byen konprann kijan èd finansye ak bousetid pitit ou a resevwa pral afekte obligasyon finansye li nan plan apre etid segondè li.
- Asiste pitit ou a nan konpare pakè èd finansye epi pran desizyon final pou enskripsyon li.
- Fè suivi ak pitit ou a pou li soumèt lòt dokiman nan lekòl li chwazi a si sa nesèsè; tankou fòm rezidans, dokiman vaksen, ak enskripsyon oryantasyon.
- Ankouraje pitit ou a ekri nòt remèsiman pou nenpòt moun ki te ede ak pwosesis admisyon nan kolèj la.
- Selebre pitit ou a pandan l ap fè tranzisyon nan lavi apre lekòl segondè yo.
- Sipòte pitit ou a konekte ak sèvis sipò pou andikap nan enstitisyon oswa pwogram postsegondè li enskri si li gen yon plan IEP oswa 504.
-



Resous

- [13 Bagay Pou Konnen Lè ou Evalye Lèt Èd Finansye a](#)
- [Prè Direct PLUS pou Paran yo](#)
- [Lèt Èd Finansye ou a – Atelye sou Revize, Evalye, Fè Apèl – ann Anglè](#)
- [Lèt Èd Finansye ou a – Atelye sou Revize, Evalye, Fè Apèl – ann Espanyòl](#)
- [Lèt Èd Finansye ou a – Atelye sou Revize, Evalye, Fè Apèl – an Kreyòl](#)

